

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Kabudayaan nya éta kabiasaan hiji masarakat nu ditepikeun sacara turun tumurun ti generasi ka generasi. Hal ieu luyu jeung pamadegan Koentjaraningrat (Suparto, 2007:39) yén kabudayaan téh mangrupa sakabéh gagasan jeung karya manusa nu kudu dibiasakeun kalayan diajar tina hasil budi pekerti.

Koentjaraningrat (199:205) nételakeun yén kabudayaan ngawengku tujuh unsur budaya sacara universal nya éta: 1) basa, 2) sistem pangaweruh, 3) organisasi sosial, 4) sistem teknologi, 5) sistem pakasaban, 6) sistem kapercayaan, 7) sistem kasenian. Dumasar kana unsur-unsur kabudayaan di luhur, Sunda henteu ngan saukur sélér bangsa nu aya di Indonésia. Sunda mibanda kabudayaan sorangan.

Bangsa Indonésia téh mangrupa bangsa multikultural sabab miboga karakteristik budaya nu rupa-rupa. Unggal sélér bangsa miboga struktur budaya sewang-sewangan. Sanajan kitu, sakabéh karakteristik budaya daérah ti sélér-sélér bangsa nu aya di Indonésia téh mangrupa harga diri bangsa sacara nasional.

Seni tradisional nu mangrupa bagian tina seni nasional Indonésia jadi salah sahiji unsur budaya Indonésia. Budaya téh jadi harga diri sélér bangsa. Saupamana seni tradisional tumpur, sarua jeung ngurangan atawa ngaleungitkeun harga diri hiji sélér bangsa. Tangtu ieu jadi pasualan bangsa nu penting. Tumpurna seni tradisional nyababkeun leungitna harga diri hiji sélér bangsa nu antukna nimbulkeun runtagna hiji bangsa. Ku sabab kitu, seni-seni tradisional kudu ditanjeurkeun deui, boh ku individu boh ku lembaga-lembaga.

Seni tradisional mangrupa gagasan jeung hasil pamikiran masarakatna. Kasenian mibanda wangun anu ngajanggélék dina paripolah antara nu nyipta jeung palaku kasenian atawa pihak-pihak anu ngarojong, nya éta pananggap seni jeung nu lalajo. Sacara harfiah anu dimaksud seni nya éta kreativitas manusa anu ngandung unsur éstétis (kaéndahan). Dumasar kana éta anggapan, bisa

dicindekkeun yén seni moal leupas tina kahirupan masarakat, sabab tumuwuhna seni gumantung ka masarakat nu ngarojongna.

Lajuning laku lampah manusa ti taun ka taun tangtu bakal robah kapangaruhan ku mekarna jaman. Kondisi masarakat jaman ayeuna geus robah, loba nu leuwih mentingkeun matéri tibatan kasenian. Malah aya nu nyebutkeun yén ngolah seni téh mangrupa hiji kagiatan nu taya gunana. Ku kituna, pengkaderan kasenian tara dipaliré. Padahal urang Sunda salaku ahli waris budaya Sunda geus sakuduna ngamumulé budaya Sunda ku cara miara kasenian nu hirup di kalangan rayat, sangkan éta seni téh teu tumpur.

Penca silat mangrupa salah sahiji tina sakitu lobana rupa jeung wanda olahraga nu aya di Jawa Barat. Ieu olahraga mibanda ajén palasipah hirup jeung ajén éstétis. Ajén éstétis penca silat nya éta ajén kaéndahan dumasar kana patokan jati diri penca silat (*totalitas kedirian*), corak, jiwa, sifat jeung watek nu sajati. Jati diri penca silat ngawengku palasipah budi jeung élmu nu luhung, énas-énasna penca silat (mental, bela diri, olahraga).

Penca silat di Tatar Sunda lain mangrupa kasenian anu langka. Méh unggal daerah mibanda rupa jeung wanda éta kasenian penca silat. Masarakat Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat mibanda kasenian penca silat “Cakar Kumbang Kencana”. Salian ti jadi ciri has éta Désa, kasenian penca silat “Cakar Kumbang Kencana” mangrupa kabeungharan seni tradisonal, ogé mangrupa warisan ti para karuhun. Hal ieu ditandeskeun ku katerangan yén kasenian penca silat “Cakar Kumbang Kencana” nu kumbuh di masarakat Bandung Barat téh eunteung masarakat nu katideresa nu ngagambarkeun barontakna masarakat. Ku kituna, kasenian penca silat mibanda hakékat jeung sarana atikan. Atikan rohani boh jasmani pikeun ngawangun masarakat anu mampuh ngalenyepan jeung ngajalankeun palasipah budi jeung jiwa anu luhung sarta mibanda jasmani anu sehat, takwa, tanggap, jeung tangginas (Yatno, 10 Oktober 2012).

**Tiya Komalasari, 2013**

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

Geus aya sababaraha panalungtikan ngeunaan kasenian penca silat, judul-judulna diantarana; *Tuturan tentang Pencak Silat dalam Tradisi Lisan Sunda (1996)* disusun ku Yus Rusyana, *Khazanah Pencak silat (1997)* disusun ku Notosoejitno, *Olah Raga Pencak Silat (2008)* disusun ku Nur Dyah Naharsari, *Menyelami Pencak Silat* disusun ku Ir. Murhananto, *Buku Sejarah Pencak Silat (2012)* disusun ku O.j,Ef,Nk.

Tina éta judul-judul panalungtikan tacan aya nu nalungtik ngeunaan penca silat ti padepokan Cakar Kumbang Kencana di Désa Cihideung, komo upama dipatalikeun jeung bahan pangajaran di sakola. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Ajén Éstétis dina Kasenian Penca Silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kacamatan Parongpong Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Identifikasi Masalah**

Sangkan teu lega teuing ambahanana, dina ieu panalungtikan saukur dipedar kajian unsur-unsur éstétika anu aya dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina sababaraha patalékan, nya éta

- 1) unsur-unsur seni naon waé anu aya dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat?;
- 2) kumaha ajén éstétis nu nyangkaruk dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat?;

- 3) kumaha bahan pangajaran penca silat Cakar Kumbang Kencana disusun pikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII?

### **1.3 Tujuan panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum nya éta:

- 1) pikeun numuwuhkeun jeung ngariksa budaya tur kasenian nu aya di masarakat,
- 2) tuluy ngawanohkeun sajarah ayana kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat;
- 3) ngadéskripsikeun prak-prakan kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat;
- 4) mikawanoh maksud jeung tujuan ayana kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat;
- 5) ngadéskripsikeun jeung nganalisis ajén éstétis nu nyangkaruk dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) unsur-unsur seni nu aya dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat;

**Tiya Komalasari, 2013**

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

- 2) ajén éstétis dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat;
- 3) kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat pikeun bahan pangajaran maca di SMA kelas XII.

#### **1.4 Mangpaat panalungtikan**

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat nu ngawengku:

- 1) sacara umum, ieu panalungtikan bisa méré sumbangan analisis keur kamajuan paélmuan budaya Sunda. Ti dieu bisa dicangking gambaran harti jeung fungsi sacara fungsional struktural dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana;
- 2) sacara husus, ieu panalungtikan bisa ngalegaan wawasan masarakat, nambahan pangaweruh salaku hiji pintonan anu unik, sangkan masarakat modern bisa nyindekkeun sanggeus maca atawa ningali langsung éta kasenian penca silat téh;
- 3) hasil panalungtikan ngeunaan kasenian penca silat bisa nambahan pangaweruh nu maca sangkan ieu kasenian bisa terus dipikawanoh; jeung
- 4) nyangking ajén éstétis nu nyangkaruk dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana.

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngalegaan élmu pangaweruh ngeunaan budaya, kabudayaan nu aya di masarakat Sunda hususna di Kampung Nyingkir Désa Cihideung Kabupatén Bandung Barat boh keur nu maca boh keur nu nalungtik boh keur masarakat sejenna.

##### **1.4.2 Mangpaat praktis**

Tiya Komalasari, 2013

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

Mangpaat panalungtikan nu dipiharep bisa;

- 1) nambahan wawasan sarta pangaweruh ngeunaan kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana nu patalina jeung dunya atikan;
- 2) bisa dijadikeun salah sahiji sumber bahan pangajaran di SMA;
- 3) bisa dimangpaatkeun pikeun nambahan pangaweruh dina widang kabudayaan hususna kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Nyusun laporan mangrupa tahap anu pamungkas tina tahapan panalungtikan. Dina ieu skripsi sagala hasil panalungtikan dipidangkeun. Anapon sistematika dina nyusun ieu skripsi, nya éta:

1. Judul
2. Abstrak
3. Pangjajap
4. Daftar eusi
5. Eusi

## **BAB I BUBUKA**

- 1.1 Kasang Tukang Masalah
- 1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah
- 1.3 Tujuan Panalungtikan
- 1.4 Mangpaat Panalungtikan
- 1.5 Raraga Tulisan

## **BAB II TINJAUAN PUSTAKA**

- 2.1 Éstétika
- 2.2 Penca silat

**Tiya Komalasari, 2013**  
*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT  
 CAKAR KUMBANG KENCANA  
 DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG  
 KACAMATAN PARONGPONG  
 KABUPATEN BANDUNG BARAT  
 PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*  
 Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

### 2.3 Bahan pangajaran

## BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

### 3.1 Méhode Panalungtikan

### 3.2 Desain Panalungtikan

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

### 3.4 Wangenan Operasional

### 3.5 Lokasi jeung Subjek Panalungtikan

### 3.6 Instrumén Panalungtikan

### 3.7 Léngkah-léngkah Panalungtikan

## BAB IV ANALISIS DATA JEUNG PEMBAHASAN HASIL PANALUNGTIKAN

### 4.1 Unsur seni dina kasenian penca silat Cakar Kumbang Kencana

#### 4.1.1 Unsur seni tari jeung ibing

#### 4.1.2 Unsur seni waditra (unsur seni musik)

#### 4.1.3 Unsur seni sora (lalaguan)

#### 4.1.4 Unsur seni busana

#### 4.1.5 Unsur seni pakarang

### 4.2 Ajén éstétis dina kasenian penca silat dumasar kana teori Kant

#### 4.2.1 Ajén éstétis atawa ajén murni

#### 4.2.2 Ajén ekstra éstétis atawa ajén tambahan

#### 4.2.3 Ajén éstétis dumasar kana teori intrinsik

#### 4.2.4 Ajén éstétis dumasar kana teori ekstrinsik

#### 4.2.5 Ajén éstétis dumasar kana teori serba intelektual

#### 4.2.6 Ajén éstétis dumasar kana teori katarsis

### 4.3 Nyusun bahan bacaan “Penca Silat Cakar Kumbang Kencana” pikeun Bahan

#### Pangajaran Maca di SMA Kelas XII

**Tiya Komalasari, 2013**

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

## BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

### 5.1. Kacindekan

### 5.2. Saran



**Tiya Komalasari, 2013**

*AJÉN ÉSTÉTIS DINA KASENIAN PENCA SILAT*

*CAKAR KUMBANG KENCANA*

*DI KAMPUNG NYINGKIR DÉSA CIHIDEUNG*

*KACAMATAN PARONGPONG*

*KABUPATÉN BANDUNG BARAT*

*PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DI SMA KELAS XII*

Universitas Pendidikan Indonesia | [Repository.upi.edu](http://Repository.upi.edu) | [Perpustakaan.upi.edu](http://Perpustakaan.upi.edu)